Ассаламу гIалайкум

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2018 соналъул 16 февраль
РУЗМАН
№ 7 (7495)
Газета бахьизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда
Багьа 8 гъурущ
12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Поздравление Главы района



Уважаемый Артем Алексеевич!

Примите мои искренние поздравления с назначением на должность Председателя Правительства Республики Дагестан.

Назначение на эту должность является свидетельством доверия со стороны руководства Республики, признанием Вашего управленческого таланта, высокой оценкой Вашей эффективной деятельности в Республике Татарстан.

Уверен, что профессионализм и компетентность, присущие Вам, помогут и дальше эффективно работать на благо Республики Дагестан и страны в целом, сделать все необходимое для реализации ее социально-экономического потенциала и улучшения инвестиционного климата нашей многонациональной Республики.

Желаю Вам успешной реализации намеченных планов и проектов! Новых Вам профессиональных достижений и побед!

Пусть удача сопутствует во всех делах!

**Глава МР «Цумадинский район» А. Вечедов**

## Министрасул заместителасул хIалтIулаб сапар

13 февралалда районалде хIалтIулаб сапаралъ вачIун вукIана республикаялъул захIматалъул ва социалияб цебетIеялъул министрасул заместитель Зураб БахIамадов. Гьевгун цадахъ вачIун вукIана гьебго идараялъул отделалъул нухмалъулев ХIабиб МухIамадшарипов.



Гьебго къоялъ гьел дандчIвана районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовгун. ДандчIваялда гIахьаллъана социалияб рахъалъ халкъ цIуниялъул районалда бугеб управлениялъул нухмалъулев Иманшапи МухIамадов, гIадамал хIалтIудалъун хьезариялъул районалда бугеб централъул нухмалъулев ХIусен Къадилов. ДандчIваялда гьоркьор лъуна халкъалъе хIалтIи букIинабиялъул, хасго гIолилал хIалтIудалъун хьезариялъул, ва цогидалги к1вар бугел суалал. Гьалбал щвана жидер министерствоялъул бетIергьанлъиялда районалда ругел идарабазде.

**Райадминистрациялъул пресс-хъулухъ**

## Рохелгун цадахъ божилъи загьир гьабуна

***Къеди рохалилаб ахIвал-хIалалда тIобитIана лъималазул ах рагьиялда хурхараб тадбир***

Халкъалъул социалияб рахъ лъикIлъизаби мурадалда ахирал соназ районалъул нухмалъиялъ гьарулел руго гIезегIанго хIалтIаби. Исанасеб сон байбихьана росабалъ лъималазул ахал рагьиялдаса. Январь моцIалда Инхокъвари рагьана лъималазул ах, 12 февралалда Къеди росулъги рагьана лъеберго лъимералъе бакI бугеб лъималазул ах.

Гьеб къоялъ къедисезул рохел гIахьал гьабиялда гIахьаллъана районалъул бетIерасул заместитель МухIамад ГIисаевгун цадахъ лъайкьеялъул районалъул управлениялъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумаров, районалъул лъайкьеялъул хIалтIухъабазул профсоюзалъул райкомалъул председатель АхIмаднаби Абакаров, районалъул газеталъул бетIерав редактор ГIубайдула Малачдибиров, Къеди росдал гьоркьохъеб школалъул директор Исламбег Разакъов, Къеди росдал администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамадхIабиб СагIадулаев, росдал мажгиталъул имам Халилула Зиявдинов, гьитIичазулгун школлъималазул умумул, росдал жамагIат ва школалъул хIалтIухъабазул коллектив.

Рохалилаб тадбир рагьана Къеди росдал школалъул тарбия кьеялъул рахъалъ директорасул заместитель ПатIимат НурмухIамадовалъ.



Тадбиралде рачIараз цIун букIана школалъул жанахI, жаниб бакI гьечIого, рагьда бакIарун букIана росдал жамагIат ва цIалдохъаби. ГIисинккун балеб гIаздаца, накIкIулъан раккарал бакъул чIораз ва гьениб бакIарараб росдал жамагIаталъ ва цIалдохъабаз берцин гьабун букIана росдал годекIан.

Рохалилаб тадбир баркун кIалъазе вахъарав Къеди росдал гьоркьохъеб школалъул директор Исламбег Разакъовас баркана лъималазда, эбел-инсуда ва росдал жамагIаталда росулъ цIияб идара рагьи.

-Жакъа гьаб, гIемерал соназ анищлъун букIараб лъималазул ах рагьиялъул рохел баркулаго, бокьун буго районалъул нухмалъиялъе кьезе баркала,-ян абуна школалъул директорас. -Гьаб буго тIоцебе къедисезулги, хадуб тIалъиялъулги мурадалде балагьизабураб хIалтIул хIасил. Жакъасеб нилъер тадбир ккола росулъ социалияб рахъ цебетIеялъе тIамулеб цоги гали, школалде иналде лъимал хIадур гьари, гьезие тарбия кьеялъулъ байбихьи. Гьенир хIалтIизесел тарбиячагIазда бараб букIине буго жеги школалде ине заман щвечIел лъималазе тарбия кьей ва гьел цIализе-хъвазе хIадур гьари. Гьеб ккола гьезда цебе чIараб аслияб масъала. Баркала гьаб ишалъулъ кинабгIаги кумекквербакъи гьабуразе.



«Къокъабго заманалда жаниб районалда бана лъималазул ункъо ах. Лъималазул рохел, гьезул чIиргъи-хъуй камун хутIугеги ракьалда нилъ. Районалъул нухмалъиялъ хадубккунги кIвараб хIалтIи гьабизе буго районалъул росабалъ гьитIичазе школалда цебесеб



тарбия-лъай кьолел идараби рагьиялде. «Нур» ахалъулазул хадубккунисеб гIумру букIине буго тарбиячагIазул хIалтIуда, гьез гьитIичазе кьураб тарбиялъаялда бараб. Божула гьеб нуралъ гвангъараб букIиналда», -ян абуна данделъиялда росулъ лъималазул ах рагьи баркун кIалъай гьабурав МухIамад ГIисаевас.



КIалъазе рахъарал АхIмаднаби Абакаровас ва МухIамад ГIумаровас къедисезда баркана росулъ лъималазул ах рагьи ва школалъулгун ахалъул коллективалгун умумул ахIана цоцадехун адаб цIунун, ккаралъуб цадахърекъон, цоцалъ ургъакъотIараб, гIакълу дандбараб цадахъаб хIалтIи гьабизе.



Данделъиялда кIалъазе вахъарав Къеди росдал администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамадхIабиб СагIадулаевас росдал жамагIаталъул рахъалдаса баркала загьир гьабуна районалъул нухмалъиялъе росулъ социалияб рахъ цебетIеялъе гьабулеб хIалтIухъ, ва цебегоялдаса нахъе къедисезул анищлъун букIараб гьитIичазе ах рагьиялъул рохалилаб тадбиралъулъ гIахьаллъиялъухъ. Гьединго гьес баркала загьир гьабуна росдал гIолохъабазе росулъ тIоритIулелщинал тадбиразулъ гIахьалъиялъухъ.

# Рохелгун цадахъ божилъи загьир гьабуна

1



Лъаялъул хIакъалъулъ МухIаммад аварагасул (с.т.гI.в.) хIадисалги рачун, лъикIаб вагIза-насихIат гьабуна Къеди росдал мажгиталъул имам Халилула Зиявдиновас. Имамас тIадчIей гьабун бицана динияб гIелмугун цадахъго дунялалъул гIелмуги лъазабизе кколебльи.



Хадуб лъикIаб хIадурлъигун гьалбадерида цере рахъана ахалъул гьитIичал. Гьезул церерахъиналдасаги, рохалил гьимиялъул цIурал гьурмаздасаги бихьулеб букIана гьезул рохелалъе авал-гIорхъи гьечIольи.

БагIараб чIологи кьотIун, ах рагьиялъул рохалилаб тадбир лъугIун хадуб, районалдаса рачIараз хал гьабуна ахикь лъималазе гIуцIун ругел шартIазул, кIвар буссинабуна цIа ккеялдаса цIуниялъул низамалда хурхарал ва цогидалги гIоларел рахъазде.

Росулъ лъималазул ах рагьиялдаса жамагIаталъул разилъиги загьир гьабулаго, районалъул нухмалъиялъе баркала кьуна жамагIатчагIи ГIамирхIамза ГъазимухIамадовас ва МахIмуд ГъазимухIамадовас.



Ахираб лъеберго соналъ росулъ гIадамазе киналгIаги хIалтIулел бакIал рагьун рукIинчIилан абуна кIиявго жамагIатчияс. Жакъа Къеди лъеберго лъимералъе бакI бугеб ах рагьи гуребги, рес щвана ичIго чиясе хIалтIулеб бакI рагьизеги.

Лъималазул ах рагьиялъулъ росдал гIолохъабаз гьабураб кумекалъул бицунаго, школалъул учитель Бадрудин Сабигулаевас баян гьабуна жакъа Къеди росу «бижулеб» ва цIилъулеб букIиналъул, цIикIкIунел рукIин росулъ лъимал, ралел рукIин гIолохъабаз минаби, гьединлъидал хIажатаб букIин росулъ социалиял бакIал разейилан абун ахир лъуна Бадрудиница жиндирго кIалъаялъе.

Жидее гьабураб сайгъаталдаса разияб росдал жамагIаталъ божилъи гьабулеб буго районалъул нухмалъиялда школалъул цебеккун бараб минаялда цузабун цIибалеб мина бан рагIалде бахьилин, гурони, жакъа школалда бакI гIечIольиялъ, школалъе ва лъималазул ахалъе ижаралъе росун руго аскIор ругел минаби.

**ГIубайдула Малачдибиров**



# РацIцIалъи иманалъул бащалъи ккола

Берцинго букIуна нилъеда сверухъ рацIцIалъиги чIезабидал, рошнол гуреб, бацIцIадаб гьаваги цIайдал, амма жакъа кьоялъги чанги чияс ящиказда жанире рехичIого, рищни-къулалъул цIурал къучIби ралел руго лъарал ва гIурул рагIаллъабазда, гьебгиха райцентралъул къватIазда рищни-къул базе махххул къалал лъуралдаса нахъе гIемераб мех бугониги.



Цо-цояз, гьелда дун цIакъ хIикмалъула, ящиказда аскIоре щвезегIанги рачIун, хьвагIун, рошнокъалазда цебе гIодобе рехула къвачIа. ЗахIмалъулайищха бугеб цо-кIиго галиги бахъун, кьолонибе гьеб рехизе?! Гьединаз жидер рукъзабахъ яги азбаралда цо сум-кагъатгIаги гIодобе рехулареблъиялда дир щибго щаклъи гьечIо. Щайха нилъерго азбар-къоноялда гIадин, къватIаздаги рацIцIалъи цIунулареб нилъеца?

Абула рацIцIалъи сахлъиялъул аслу ва иманалъул бащалъи ккола, щайха нилъеца нилъерго сахлъи цIунулареб ва кибха нилъер иман тIагIараб?

РацIцIалъи цIунизе ккеялъул гIемер бицуна данделъабазда, тIоритIула гваял, санитарияб комиссиялъул рейдал, амма хIасил кинго лъикIлъула гьечIо райцентралда.

ИчIабилеб февралалда райцентралъул аслияб къватIазда районалъул рацIцIалъи цIуниялъул (санитарияб) комиссиялъ, бетIералда райадминистрациялъул административияб комиссиялъул секретарь ТIагьир АхIмадовгун тIобитIана иргадулаб рейд. Халгьабиялъ бихьизабуна райцентралда рацIцIалъи цIуниялъул ахIвал-хIал дагьабго лъикIлъун букIин, амма камичIо, кидаго гIадин, цо-цо бакIал гьеб рахьалъ хиса-баси гьечIелги,абухъего, кигIан хабар бицаниги, яхI кколарел.

Басрияб централда ругел гIадамазул канализация чамалиго соналъ чвахулеб бугеб гIадин, жакъа кьоялъги щибго хисичIого, чвахулеб буго гьоркьияб шагьрануххккун. БалканалъулгIадаб хIехьезе кIолареб махI букIуна гьениб кидаго. Араб соналъго букIана хабар бакIарулеб бугин гIарац гьеб суал роцIцIинабизе. Лъаларо кибе, лъихье гьеб щварабали, лъица бакIарарабали, иш додинго, «хIарп» хисичIого бугоха.

Исламов АбухIасанил заправкаялда ва «Снежинка» тукада аскIор ругел жамгIиял хIажатханазул жанибе гали бахъизе кIолареб хIал букIуна кидаго. Таманал харжалги гьарун рарал гьел рацIцIизе гIадан тезе штатищ гьечIеб коммуналиял хъулухъазул идараялда яги бегьуларищ анкьида жаниб кIиго нухалъниги гьел рацIцIизе гIадан тезе. ГIадамазул ракIунтараб бербалагьи гьелдахун букIарабани, дагьабниги иман рекIелъ букIарабани, жидеда хадуб хьублъи бацIцIун рачIинаан къватIире, хIажат тIубайдал. ГIайиб нилъедаго буго хIажатханабазул гьединаб хIал букIиналъулъ.

Рищни-къул балеб-бухIулеб аслияб бакI цIун букIиналда бан, санитарияб комиссиялъул гIахьалчагIазул хIукму ккана трактораль кIкIалахьеги хьвагIан, тIад ракь бан, бахчизе. Гурони, кватIиларо их щвезеги, хIинкъи буго сверухълъиго махIцIиналда ва рахунел унтаби раккиялда.

ХIурматиял ракьцоял! Нужедаго сверухъ рацIцIалъи цIунеян гьарула киназдаго. КигIан берцинго, ракI гъунха букIунеб нилъеда сверухъ берцинаб тIабигIат бугеб мехалъ. РацIцIалъи гурищ сахлъиялъе аслуги, иманалъул бащалъиги бугеб. КIочене бегьуларо тIабигIаталъ жиндие гьабураб заралалъухъ нилъедаса рецIел босулеблъи. ТIоцебесеб иргаялда, рахунел унтаби тIиритIиялдалъун.

**МухIамад Къасумов**

Тарих

# ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ВА ЧАЧАНАЗУЛ МУГIРУЗДАСАН КIУДИЯБ ДАРМИЛ НУХ

(Байбихьи - 5 номералда)

Гьеб нухалъе тIоцебе гьединаб цIар кьун буго Китаялъул ва кинабго Азиялъул ракьул хIакьалъул тIехь хъварав немцав Фердинанд Фон-Ризенгофелица. Гьелдаса хадуб тIибитIун буго гьеб цIар дунялалдаги. Гьединлъидал, Чилай-нухалъул хIакьалъулъ цIех-рех гьабулел гIалимзаби балагьуларо Китаялдаса Европаялде унел дармил нухазул цогIаялда гьеб цIар букIун бугищ яги гьечIищали. ГIемерал сапарчагIаз ва дармихьабаз нахъе тарал кагътаздаса бихьулеб буго гьеб нух хIалтIун букIин 18 гIасруялъ, ай нилъер заманалда цебесеб 11 гIасруялдаса байбихьараб, нилъер заманалъул XVI гIасруялде щвезегIан. Инсаниятилъул тарихалда жаниб цогIаги дармил нух хIалтIичIо гьедигIан гIемер заманалъ.

Гьеб нухалъул цо рагIалдаса цоги рагIалде ине чияс балеб букIана гIага-шагарго 300 сордо-къо. Китаялъул Хиан шагьаралдаса байбихьараб гьеб, гIицIал авлахъалги рорхатал мугIрулги къотIун, щолеб букIана Ташкенталде ва Самаркандалде, Бухараялде ва Тегераналде, цинги, гьанжесеб Турциялъул ракьалдасаги ун, бачIунеб букIана Константинополалде. Гьеб ккола гьанжесеб Стамбулалъул некIсияб цIар.

Гьеб нух ккун рикIкIадаб Китаялдаса гIадамаз гIумру гьабулеб дунялалъул цогидаб рагIалде даранчагIаз баччулеб букIана чилай-хам гуребги, цоги-цоги кьайи-цIа. Жиб букIараб заманалъул ахирисел гIасрабазги гьеб букIана Чингисханил КIудияб Монголазул империялъул бищунго кIвар бугеб дармил нухлъунги. Гьеб кинабго заманалъ бакьбаккудаса бакътIерхьуде ва гьениса нахъеги гьоркьоса къотIичIого чвахулеб букIана къиматаб даран-кьай. Гьеб нухги кидаго цого ракьаздаса, цо бакIалдаса гуро букIараб. Хисана заманаби, дунялалъул картаялда тIад раккана цIиял пачалихъал, гьединал хиса-басиял лъугьунел захIматал гIужаз базаргаби хIажаталлъун кколел рукIана, ине захIматал ругониги, цIиял бакIаздасан хIинкъи гьечIел нухал ралагьизе. КIудияб Чилай-нух унеб букIана кинабго Азия къотIун. Гьелъул улкабазул халкъазда гьоркьор рукIана гIадамал базаргабазде гьара гьабун бетIербахъи гьабулел, гьелдаса бечелъизе бокьарал, гьединлъидал щибаб дармил къукьаги (караван) гьез баччун бачIунеб къиматаб кьайи цIунизе гIоло ккезе кколаан тIубарал аскарал.

Гьел даранчагIаз ва сапарчагIаз нахъе тарал хъвай-хъвагIаязул мухIканго хIисаб гьабидал, бихьулеб буго гьеб нух дунялалъул цо бутIаялдаса цогидаб бутIаялде гьеб гIадатияб нух гуреб, хъулбузги, хъулби гIадал щулиял росабазги шагьаразги цоцада бухьараб рахас букIараблъи.

Жиб-жиб дармил къукьа хIажатаб букIана жиб цIуниялда ва жиндие хъулухъ гьабиялда. КъукьабигирукIана гIемер ва, гьез хIинкъи гьечIого сордо баялъе пайда босулаан ругел щулалъабаздаса яги бакIалъул гIадамал риччалаан гьединал щулалъаби цIиял разе. Гьединлъидал, Флоренциялдаса сапарчияс хъван тараб, Шималияб Кавказалъул мугIруздасаги букIанин КIудияб Чилай-нухалъул цо гIаркьелин бищунеб хIужаялъе къучIлъун буго гьеб нух букIарабин абулеб мухъккун некIсиял хъулби, росаби, шагьарал, щулалъаби ва гьезул хутIелал рукIин.

**КАВКАЗАЛЪУЛ МУГIРУЛ КЪОТIУН УНЕБ ГЬЕБ НУХ, ЧIЕГIЕРАЛЪДАЛ РАГIАЛДЕ – НЕКIСИЯБ ТАБРИЗАЛДЕ ЩОЛЕБ БУКIУН БАТАНИ, КИБХА БУКIАРАБ ГЬЕЛЪУЛ БАЙБИХЬИ?**

Гьеб хъвай-хъвагIаялъул цIех-рех гьабиялъул хIасилалда гIалимзабазда бичIчIун буго флоренциялъуласул «маххул каваби» цо жоялда цоги жо рельлъизабун (метафора) хъварал рагIаби гурел, хIакъикъаталдаги букIараб жоялъул бищунеб калам букIин. Гьоркьохъел гIасрабаз гьединаб цIар букIана Дербенталда. Ираналъул мугIрузулаб тIалъиялдаса циндаго шималияб рахъалдеги сверун, Чилай-нухалъул гIадатияб мухъалдаса бикьараб цо гIаркьел унаан Дербенталде. Гьединлъидал гьеб нухалъул Кавказалъул мугIрул къотIун букIараб гIаркьелалъул мухъ цIехезе байбихьизе ккола Дербенталдаса.

**ЩИБ ГIИЛЛАЯЛДАЛЪУН КIУДИЯБ ЧИЛАЙ-НУХАЛЪУЛ МУХЪ ЖИНДИР ГIАДАТИЯБ МУХЪГИ ТУН ШИМАЛИЯБ КАВКАЗАЛДЕ СВЕРАРАБ ВА ХАДУБККУН КИБ ГЬЕБ ЦIЕХЕЛЕБ?**

Киналго дармил къукьабаз жал унеб нух хисиялъе букIана цохIо гIила: гьел лъутулаан рагьаздаса гьарачилъиялъул хIинкъи цIикIкIарал ракьаздаса. Гьоркьохъел гIасраби цIакъ бечедал рукIана гьединал ишаздалъун. Гьеб заманалъул XIII гIасруялъ дунял цIидасан бикьа-къотIана.

1210 соналъ гIуцIана ва 1250 сонасде щвезегIан букIана цIакъго жиб кIудияб Монголазул пачалихъ. Гьел гьоркьор арал соназ Чилай-нухги хIалтIана цIакъ берцинго. Амма Чингисхан хун хадуб, гьеб кIудияб пачалихъ ункъго бутIаялде бикьиялъул хIасилалда лъугьарал пачалихъаз Чилай-нухалъул цо-цо мухъал сабаблъун байбихьана цоцазулгун дагIбакъец ва кватIичIого Кавказалъул кинабго къилбаялъул рахъ лъугьана къотIи гьечIел рагъазул майданлъун. Гьединаб хIалалъул асирлъун лъугьарал даранчагIи хIажаталлъун ккана дагIбаялда бугеб кIиго пачалихъалда гьоркьосан цIияб нух цIехезе ва гьеб нухги гьезда батана Шималияб Кавказалъул мугIруздасан.

Гьеб нилъеда бихьула XIII-XIV гIасрабазул картаялде балагьидалги. Шималияб Кавказ букIун буго цоцалъ багьулеб кIиго ханлъиялда гьоркьоб, гьезул гIорхьода. Гьелдасаги кIвар цIикIкIараб хIужа буго гьеб заманалъ Кавказалъул мугIрул кигIан къуватавги тушманасда бахъизе кIолареб хъала гIадин рукIараблъиги.

Гьел киналго хIужабаз нугIлъи гьабулеб буго Флоренциялдаса сапарчиясул рагIабазул ритIухълъиялъе.

Цо суал хутIун буго жаваб цIехезе кколеб: «Дербенталдаса ЧIегIераб ралъдахъе унеб нух кисан букIараб?»

ГIемераб заманалъ гьеб дармил нух гIадатияб мухъ гIалимзабазе букIана тIад кIалъазе бакI гьечIеб хIужалъун. Амма 2000 соналъ гъалгъаязул ракьалда тарихчагIазда ратарал некIсиял тIагIелазги хъвай-хъвагIаязги гьезда гьоркьоб «Шималияб Кавказалъул мугIруздасаги Чилай-нухалъул цо гIаркьел букIун буго» абураб щулияб пикру бижизабуна. Ва хадусел соназ цIех-рехалъул мурадалда ритIарал гIелмиял къукьабазда Ингушетиялъул мугIрузда ратарал хъулби кида, кир ва кинаб къагIидаялъ рараб хIисаб гьабулаго, гьеб пикру мекъаб гьечIолъиялдеги рачIана. Гьелдаго цадахъ, гьел тIад рекъарал руго гьеб нухалъул цо гIаркьел гъалгъаязулги гьириязулги кIкIалазухъан Дербенталдеги букIараблъиялда. Амма кисан гьеб букIараб абураб суал гIемерисезе жеги рагьунго хутIун буго.



**ГЬЕБ НУХ ДЕРБЕНТАЛДАСА ГЪАЛГЪАЯЛЪЕ КИСАН БУКIАРАБ?**

Гьаб суал жидее кьурал Кавказалъул жакъасел тарихчагIаз гьелъие нижерго бугеб жавабалда тIубанго инкарги гьабичIо, гьеб кьучIаблъун чIезабизе гIурал хIужаби гьечIин абураб гIиллаги бачун, гIемерисез гьелъул рахъги ккечIо. Амма гьелдалъун нижеца цIех-рех чучизе течIо ва кватIичIого тIаде ккана цересели гьанжеселги тарихчагIаз нилъер мугIруздасан рукIарал некIсиял дармил нухазул хIакьалъулъ гьарурал хъвай-хъвагIаязде. Гьезул пикраби ритIун данде кколел руго гьаниб цебе кьураб суалалъе нижер бугеб жавабалда. «Самур гIурул жанибълиялдаса Курахалде, гьенисан Кумухалде, цинги ЧIохъе, ЧIохъа-Гьидалъе ва ГIандигIорги бахун, Чачаналъе. Гьеб къагIидаялъ Жанисеб Дагъистан къотIун унеб букIана Кавказалъул халкъазе цIакъ жиндир кIвар цIикIкIараб кIудияб дармил нух». «Дагъистаналъул мугIрул къотIун унеб халкъазул кIудияб нух»-ан жинцаго цIар кьураб гьеб нухалъул хIакьалъулъ Б. Малачихановас хъвалеб буго: «Самур-Курах-Кумух-ЧIохъ-Гьидалъ мухъалдаса букIараб гьеб нух нилъеда бихьула, Дербентги, Дербенталдаса тIадехун бугеб чIедераб ралъдал рагIалги хьибилалда тун, къилбаялъул рахъалдаса Шималияб Кавказалде унеб цIакъ жиндир кIвар цIикIкIараб нухлъун».

Гьедин гьеб нухалъул кIвар цIикIкIиналъе сабаблъун букIана Европаялъулги Азиялъулги гIорхьода, Каспий ва ЧIегIераб ралъдазда гьоркьоб тIабигIияб каву яги кьо гIадин Шималияб Кавказ букIин.

Дармил нухазул цогиги мухъал рукIана Кавказалъул мугIрул ва авлахъал къотIун. ЧIегIер ралъдал рагIалда некIсияб Севастополисалдаса (гьанжесеб Сухуми) цо нух унаан Клухор абулеб мугIрул щобги бегун Тебердаялде ва гьениса Кубачиялде, гьедин Кавказалъул мугIрузул гьварилъуде. Гьелъул кумекалдалъун цоцалъ бухьен букIана ЧIегIерралъдал рагIаллъабазда, Гьоркьохъеб Кавказалъул мугIрузда ва Каспиялъул рагIаллъабазда ругел халкъазул. Гьеб нух букIарал ракьазда дандчIвалел некIсиял лъалкIазда балагьун бихьулеб буго бищунго цIикIкIун гIадамаз гьелдаса пайда босулеб букIараблъи IX-XIII гIасрабаз. ЧIегIерралъдахъа Каспиялде букIараб гьеб Кавказалъул нух унаан Шималияб Кавказалъул мугIрул къотIун Дигори ва Газелалде, Сунжаги Терекги жидедаса лъугьунел гIемерал лъаралги къотIун гьеб щолаан Адиталде ва Чачаназул къилбаялъул рахъалда ругел мугIруздаса Дагъистаналде, цинги-Дербенталде.

«VI гIасруялъул кIиабилеб бащалъиялдаса нахъего бищунго лъикI жал хIалтIулеллъун рукIана Чилай-нухалъул Кавказалда ругел гIаркьелал, хасго Шималияб Кавказалда ругел гьезул бутIаби». (М. Р. Гасанов, «Дагестан и народы Кавказа в V-XV вв. (Некоторые вопросы расселения и этнической общности и взаимоотношений)». Дагестанское книжное издательство. Махачкала, 2008 год.)

«Гьаб мугIрузул ракьалда некIсиял заманаздаса нахъего лъачIо рахIат щибали. Гьоркьохъел гIасрабаз гьанир ругел бечедал авлахъал цоцахъа рахъулаго кьеркьана бакьбаккул ва къилбаялъул рахъаздасан рачIарал аланал, хазарал, гуннал ва булгарал. МугIрузул ахалъаби къотIун гочарулел халкъазул иргадулаб карачел индал, гьениб гIумру гьабун рукIарал рихха-хочун, кескал лъугьун унаан кIкIалазухъан эхеде ралагьун. Бищунго загIипал ине кколаан бищунго рикIкIадал мугIрузде, цинги цо заманалдасан, рагъул гурони мацI лъаларел гочарухъабазул цIияб карачелги тIаде щун, гьездаго хадур лъутун рачIунаан гьел мугIрузде иналъе сабаблъун кккарал гьезул къуватал мадугьалзабиги.

Гьеле гьединаб, лъугIиго гьечIого бакI-бакIазда унел рагъал ругеб заманалъ, Кавказ сверун байбихьана цIакъго кIудияб, жеги бихьичIебгIадинаб къец. Гьал мугIруздаги сверухъ ругел авлахъаздаги жинди-жиндир кьили лъезе бокьун цоцалъ рана доб заманалъ дунялалдаго бищун къуватаб кIиго пачалихъ-Византияги Персияги. РакIалда ккезе бегьилаан, щайин гьаб кIиго кутакаб пачалихъалъе къваригIарал гIалхулал магIарулаз гIумру гьабулел, тIаде нухцин гьечIел гIицIал гьал кьураби. ГIила букIана кIудияб-Кавказ къотIун унел дармил нухазда тIад квер лъезе бокьун багьарараб кьал букIана гьезул гьеб.

Цебезаманалдаго гьел нухал байбихьулаан Китаялдаса. Гьоркьохъеб Азиялъул некIсиял ракьал-Согдом, Хорезм, Бактрийги нахъе тун, Персияги къотIун щолаан гьел Рималъул империялде. Гьениса баччулеб кьайиги букIана хасго чилайхам. БатIи-батIиял заманаз гьеб чиллаялъул цо цIаялъухъ кьолаан лъабго цIай меседалъул. Гьеб кьолаан кIалгIаби ва хъулби раралъухъ, гьебги кьун кколаан рагъухъаби, гьелъухъ росулаан лагъзал, тушманасулгун рекъел, рагъуе кумек. Жиндир заманалъ чиллай бичиялъул даран-базаралъ бечелъарал рукIана Византияги Персияги, гьединлъидал гьезда гьоркьоб букIараб дагIба-къецги гIемерисеб гьеб сабаблъун ккараб букIана.

Лъабго кIудияб мухъ гуребги, Чилай-нухалъул жеги чанго гIаркьелги букIана гьел мухъал цоцалъ рухьараб. НекIсияб Маракандалъул тахшагьар Согдаялдаса байбихьулаан Кавказалъул Чилай-нух. Гьедин Хорезмалдеги щун, Каспий ралъдал тIасияб рагIалдасаги сверун, Шималияб Кавказалъул авлахъал къотIун Дариналъулин цIар тараб нухдасан Клухоралъулги Марухалъулги мугIрул щобалги рахун, гьанжесеб Сухумалде. Гьенир гумуздаги рекIун дармил кьокьабаз бахулаан ЧIегIерралъад ва щолаан Византиялъул тахшагьар Константинополалде (гьанжесеб Стамбул). Кавказалъул Чилай-нухалъул бищунго кIвар цIикIкIараб гIуж букIана нилъер заманалъул VI гIасруялъул кIиабилеб бащалъи. Гьел соназ Сасанидазул империялъ чилай-ххамгун Византиялде унел дармил кьокьабазе жиндир ракьалдасан нух кьан букIана.

Цогидал гIиллабаздаго цадахъ, гьелъие гIила букIана Иберия лъул (Гуржистан) Лазикаги Сванетияги ракьал сабаблъун Византиялъ сасанидазулгун рагъ байбихьи. Гуржистаналъул бакьбаккудехун бугеб бащалъи гьеб заманалъ сасанидазул кверщаликь букIана. Гьедин, рагъазулги гарачIвариязулги хIасилалда VI гIасруялъул ахиралда Персиялдаса батIалъун Византиялъул кверщаликь ккана Сванетия.

Африкаялдаса Кавказалде щвезегIан ругел ракьазда динийбгун рагъул ва сиясаталъул кIудияб асар жиндир букIарав Византиялъул император Юстиниан бугебщинаб къуватгун кьеркьана Китаялдаса бачIунеб Чилай-нух гIадат батараб хIалалъ Персиялдаса течIого, гьелъул хьибилалдасан, ай, Кавказалъул щобалги рахун, ЧIегIерралъдал рагIаллъабазде бачине. Гьел нухазул кIвар хвечIо ва гьел хIалтIана VI байбихьун IX гIасруялде щвезегIан. Гьеб гьоркьоб къотIичIо Персия Византияги, гIарабал хазаралгун рагъулеб заманалъги. Карачаязул ва Черкесазул ракьалда кьурабалъ ратарал хобазда жаниб гIемераб чилай-ххам букIиналъе гIилаги гьеб буго. Шималияб Кавказалдаса букIараб КIудияб Чилай-нухдасан даранчагIаз пайда босана 1453 соналде щвезегIан.

Гьеб соналъ Константинополь гIусманиял турказул кверщалике ккана ва гьелдалъун гьеб нухалъул ишги хвана. ГIадамаз гьел бакIал рехун тана. Нух хIалтIулеб заманалъ гьелъул рагIаллъабазда ран рукIарал хъулбиги сиялги бакIалъул гIадамазул рукъзазде сверана, ракь мискинлъана. Гьел бакIал рарал хьадахъабазул хIакьалъулъ хабарги, заманалъул хIурулъ гьанкъун, маргьаялде буссана.

Кин букIаниги, заманалъул гьуразда тIуранго тIагIизаризе кIвечIого, нилъее цIунун хутIун руго гьел хIинкматал бакIал, Шималияб Кавказалъул хъачIал мугIрул къотIун букIараб КIудияб Чилай-нухалъул рагIаллъабазда жидеда хIалхьиги хIинкъиги лъаларел даранчагIаз ран рукIарал». [Старокавказская защита». В.Кузьмин, федеральный архитектор Республики Ингушетия и Карачаево-Черкесской Республики. Журнал «Вокруг света» / Июнь 2002 /.

«...XIII гIасруялъ Чингисханил КIудияб империя биххун хадуб, КIудияб Чилай-нухалъул Кавказалдаса букIараб гIаркьел цIияб къуватгун хIалтIизе байбихьана. Гьеб жанисан унел хасал бакIазул бищунго кIвар бугел рукIана Дербент ва Магас. Шималияб Кавказалъул мугIрузда гьеб бикьун букIана чанго гIаркьелалде. Гьезул цояб унаан Джейрах кIкIалахъан гьоркье Чулхой кIкIалахъе, гьенисан-Асса лъарал кIкIалахъе. Гьенисан щолаан авлахъалдеги. Дербенталдаса бакътIерхьул рахъалде бачIунеб гьеб нухалъул цоги гIаркьел унаан ...(?) ракь къотIун гъалгъаязул некIсиял росабалъан. Дарай-нухалъул цоги гIаркьел букIана бакьбаккудаса бакътIерхьудехун Сунжаялъул кIкIалахъан ва къилбаялъул рахъалдаса шималияб рахъалде Камбилиялъул жанибълиялдасан Ачалукалде. Гъалгъаязул некIсиял росабазул цоцалъ бухьараб гIуцIи буго мугIрузулги авлахъазулги гIорхьода (История Ингушетии 2013. с.119). Бищун буго гьеб нух жанисан унел къваридал кIкIалазухъ анцIила кIиго хъалаги кавуги букIанин.

(Хадусеб букIине буго)

«Редакция газеты «ЦІумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)»
Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетІерав редактор
Малачдибиров ГІубайдула СагІадулаевич

Жавабияй секретарь
Залимханова Хадижат МухІамадовна

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул 2-52-44
Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул ) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦІумада район, Агъвали росу.

«ЦІУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гІуцІараб: «Цумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватІибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахІачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизару-рал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагІалие - 51377 лъагІалие - 63302
Тираж -2025
Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватІибе биччазе гьулбасизе кколаан 17 с. 00 мин. ХІакъикъаталда гьулбасана 16 с. 45 мин.

Газеталъул электроннияб адрес: Golostsumady@mail.ru

# Щайих ГІабдурахІимил «Якъутал-маржанал»



Кида жиндихъе щваниги, щайих ГІабдурахІим компьютера-лъул маргъалазда килщал кІутІулев, тІахьазде тІаде къулун, гьез-даса жиндие къваригІарал аятал, баянал кагътиде росулев, яги шаргІалдалъун хІукму кьотІизе ккараб захІматаб суалалъе баян кьолев, далил-хІужа бачулев, авал мажгиталде рачІаразулгун ди-налъул суалазда тІаса хабар-кІалалда ватула.

Гьале, гьаб нухалъги хъулухъалъ гьесухъе щведал, дида гьев ватана гьаб сураталда вугеб хІалалъ, компьютералдаса пайда бо-сун, хІадисазда тІад хІалтІулев.

Жиндир гІумрудул лъабкъоялда анцІила щуго сон бугониги, цІороберазде ккараб хІал гьесул гьечІоан, квеш гьечІо чорхол сах-лъиялъул ишги.

ГІабдурахІимил хъвадариялъул хІасиллъун кола къуръан-хІадисалъул гІелмуялдаса ричІчІизе бигьаяб куцалда хъварал, цІаларасе кутакалда пайдаял тІахьал. Лъалароха щайихасул балъголъи цІалдолезе бицин ккелищали, амма гьес бицана жин-ца сахІихІал, Бухариясги Муслимицаги рицарал, гІурус мацІалда хъварал хІадисазул «Якъутал-маржанал» абураб тІехь данде гьа-булеб бугин, хІадисалги мухІканал, тІад рагІи абуларел, сахІихІал ругин абун.

Ин ша Аллагь, ихдал нилъеца кодобе босила цІияб тІехь ва щи-вас бажарухъе пайда босила гьелдасан.

**АхІмад Идрисов,** ЦІияб Сасикь росу

# Дида лъана...

Дида лъана гІумру щибжо кколеблъи,
Гьудул щокълъун ккедал, аскІо вукІадго.
Дицаги рекІелъе биччан букІинчІо
Унтилин, херлъилин хехаб гІужалда.

Дида лъана рокьоб хинлъи гьечІолъи,
Хирай гьудул аскІой гьечІеб гІужалда.
Дунго херлъаниги, лъазе толареб,
ТалихІ дий батана лъадул гьурмада.

Дида лъана цІорой, хасало гуреб,
Рокьоб къварилъиялъ къвакІулеб букІин.
Дида лъана хинлъи, риидал гуреб,
Эбелгун лъимадулъ бижулеб букІин.

Дида лъана гьудул-гьалмагълъиялъулъ
ГІумрудул хазина гьудуллъи букІин.
БичІчІана ракьалда, кьал букІун хадуб,
Бекьун хадуб, хуриб тІегь бакулареб.

БичІчІана гІумрудул гІорхъи гьечІолъи
ГІисинал чІахІиял гьелъ гІерулареб
Гьуриялъ, хІургІадин, панаги гьабун,
Панаяб гьаб дунял толеб бугеб куц.

Замана анагІан, гІолеб гІелалъул
ГІаданлъи яхІ-намус лъугІулеб букІин.
ЧІужуялъ - росасул, васаз - инсулаб
Адаб рехун тараб замана букІин.

Дунял гьабулаго, ахират тараб,
Агълу гІемерлъараб гІуж бачІун букІин.
Яц - вацал кьаллъараб, чияр -хирияб
Ахир заманалъул гІаламат букІин.

**ХІабиб Давудов,** Метрада росу

# Бюллетеналда микьго цІар




Рищиялъул Централияб комиссиялъ рагІалде бахьана РФялъул Президентасул хъулухъалде кандидатазул хьвай-хьвагІай гьаби ва тасдикь гьабуна пачалихъалъул бетІер вищиялъе гьаракь кьезе рищиязул бюллетеналъул текст.

Бюллетеналда букІине буго алфавиталъулаб тартибалда микьго кандидатасул цІар: Сергей Бабурин, Павел Грудинин, Владимир Жириновский, Владимир Путин, Ксения Собчак, Максим Сурайкин, Борис Титов, Григорий Явлинский.

Хушет 1754-леб рищиялъул участкаялда рищиял тІоритІизе руго заман щвелалдего. Гьелда бан, 25 февралалде хІадур гьабизе буго заман щвелалдего Хушет рищиялъул участкаялъе гьаракь кьезе 442 бюллетень.

**МухІамадсаид Гъазиев,** районалъул ТИКалъул председатель

## Спорт

# Лъабабилел бакІазда гІей гьабуна

Февралалъул байбихьуда Хасавюрталда тІобитІана ХІамид ХІамидов ракІалде щвезавиялъе 2001-2002 соназ гьарурал гІолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахьалъ Дагъистаналъул первенство.

Гьенир гІахьаллъарал нилъер районалъул гугарухъабазул лъабгоясе щвана лъабабилеб бакІ: МухІамад ГІубайдулаев (45 кг.), МухІамад Тажудинов (51кг.) ва Камил ГІабдулвагьабов (55кг.). Гьез гІахьаллъи гьабизе буго 6-9 апрелалда Владикавказалда тІобитІизесеб СКФОялъул первенствоялда.

Гьенибго, нилъер районалъул спортшколалда куцарав, гьанже МахІачхъала шагьаралда ругьунлъабазде хьвадулев СаидмухІамад Гъайирбековасги (110 кг.) цІайиялда ккуна лъабабилеб бакІ.

Баркула нилъер гугарухъабазда щварал бергьенлъаби, гьарула гьезие талихІ ва икъбал.

# Нух къачІана

Гьоркьгьаквари росдал администрациялъул бетІер Рашид АхІмадовасул рахъги ккун, кодоб бел-газагун къватІире рахъана росуцоял араб анкьалъ росулъан Гьакварисезул чвахелоялде щвезегІан нухал къачІазе. Росдал гвавулъ гІахьаллъана лъебергоялдасанги цІикІкІун чи.

Цебе-цебе тракторги биччан, хадур лъугьун гІолохъабаз ганчІаздасан, гвендаздасан рацІцІун, къачІана нухал.



ракІбацІцІадаб хІалтІухъ гІолохъабазе ва трактористал ГІабдула ИсмагІиловасегун ГІисадибир МухІамадовасе, жидер гьари къабул гьабун, трактор битІаралъухъ ДЭП-40 участкаялъул нухмалъулее баркала загьир гьабуна гвавулъ гІахьаллъарав ва цогидазе мисал бихьизабун хІалтІарав росдал администрациялъул бетІер Рашид АхІмадовас.

ЖамагІаталъул газа кьурдаги рекІулин абухъего, гІолохъабазул цадахърахъиналъ лъикІаб хІалтІи гьабуна нухда. Автотранспорт хьвадиялъе хІинкъи гьечІеб хІалалда росулъ нух ва гьоркьосакьотІигьечІеб гьекьолеб лъим чІезабиялде кидаго кІвар кьола росдал бегавул Рашидица.

Аллагьас кири кІодо гьабеги пайда бугеб хІалтІулъ квербакъаразе.

**ХІажидибир МухІамадов,** районалъул Собраниялъул депутат

### Дандеlъи тІобитІизе буго

Гьаб соналъул 8 февралалъ районалъул бетІерас гьулбасараб №19 хІукмуялда рекъон 27 марталда Агъвали райадминистрациялъул дандельабазул залалда радал сагІат анцІгоялда тІобитІизе буго росабазул администрациябазул бутІрул, учреждениязулгун организациябазул нухмалъулел, школазул директорал ва мажгитазул имамзаби гІахьаллъараб дандельи.

Гьениб халгъабизе буго районалда экстремизмалдегун терроризмалде дандечІеялъулъ ва гІолилазе патриотикияб тарбия кьеялъулъ гьабулеб хІалтІул даража борхизабиялъул суал.

### Районалъул руччабазул форум

Гьаб соналъул 13 февралалъ районалъул бетІерас гьулбасараб №25 хІукмуялда рекъон 14 марталда Агъвали маданияталъул кІалгІаялда радал сагІат анцІгоялда тІобитІизе буго «ЦІумада районалъул руччаби ракълие ва тІегьаялъе гІоло» абураб ахІиялда гьоркь форум.